

Dwa w Genyen nan Travay

Ou gen dwa pou yo peye w kòrèkteman.

Lwa sou travay etabli kritè sou salè minimòm, pèman pou lè siplemantè, kenbe dosye, konje familyal ak medikal epi travay pou jèn.



Salè ak Divizyon Orè Ministè Travay (DOL) ka ede travayè jwenn pèman pou lè yo travay epi ede yo pran konje familyal ak medikal san pèman.

(866) 487-9243

Ou gen dwa yon espas travay ki gen sekirite e ki pozitif. Patwon yo gen responsabilite pou yo garanti yon espas travay ki gen sekirite e ki pozitif, ansanm ak tout ekipman sekirite ki nesèsè.



Administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay DOL la asire li travayè yo gen kondisyon travay ki gen sekirite e ki pozitif.

(800) 321-OSHA (6742)



Komisyon Nasyonal Relasyon nan Travay (**National Labor Relations Board**) la pwoteje anplwaye ki met tèt yo ansanm pou amelyore espas travay yo, pa egzanp sekirite ak sante nan travay la.

(866) 667-NLRB (6572)

Ou gen dwa pou yo trete w san paspouki. Ou pwoteje kont diskriminasyon ki fonde sou ras, koulè, laj, enfòmasyon jenetik, sèks, oryanstasyon seksyèl, idantite sèks, relijyon, peyi moun nan sòti, andikap oswa pozisyon moun nan antanke yon veteran ki gen pwoteksyon.



Komisyon pou Egalite Chans nan Travay aplike lwa federal yo ki rann ilegal tout diskriminasyon kont yon kandida oswa yon anplwaye akòz ras yon moun, koulè, relijyon, sèks (ki gen ladan l gwosès, idantite sèks, ak oryantasyon sektyèl), peyi moun nan sòti, laj (40 oswa plis), andikap, oswa enfòmasyon jenetik. **(800) 669-4000**



Biwo Pwogram sou Respè Kontra Federal DOL la responsab pou asire l konpayi k ap fè afè avèk gouvènman Federal respekte lwa ak règleman ki egzije pou pa gen diskriminasyon. **(800) 397-6251**

Ou gen dwa pou met ansanm ak kòlèg ou yo pou reklame pi bon kondisyon travay.

Lwa sou travay pwoteje dwa w pou fòme sendika epi met ansanm ak kòlèg ou yo pou amelyore salè ak kondisyon travay.



Komisyon Nasyonal Relasyon nan Travay (**National Labor Relations Board**) la pwoteje anplwaye ki met tèt yo ansanm pou fòme yon sendika oswa aji yon fason kolektif pou amelyore espas travay yo, pa egzanp sekirite ak sante nan travay la.

(866) 667-NLRB (6572)

Ou gen dwa pou yo trete w san paspouki antanke veteran oswa manm nan lame.

Patwon yo pa ka fè diskriminasyon ki fonde sou pozisyon yon moun okipe nan lame nan moman an oswa pozisyon l te gen nan lame, epi yo dwe pafwa elaji preferans yo pou yo anboche moun.



Sèvis Travay ak Fòmasyon Veteran DOL yo pwoteje dwa travay veteran yo, manm nan lame ki nan tranzisyon ak madanm militè yo.

(866) 4-USA-DOL (487-2365)



Biwo Pwogram sou Respè Kontra Federal DOL asire l dwa kèk kategori veteran ki se anplwaye (oswa kandida) moun ki sou kontra oswa sou-tretan Federal ki gen kouvèti yo pwoteje. **(800) 397-6251**

Ou gen dwa pwoteksyon kont reprezay lè w gen dwa ki dekri pi wo yo.

An jeneral, travayè imigran gen menm dwa ak lòt travayè keseswa kondisyon yo ye nan domèn imigrasyon. An jeneral, travayè imigran gen dwa pwoteksyon kont reprezay tou dapre kondisyon yo ye nan domèn imigrasyon.

Pou plis enfòmasyon, ale sou

Worker.gov